**दिन–मंगलवार** **दिनांक–05.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्य मंत्रिमंडल शिक्षक नियुक्ति प्रक्रिया मे डोमिसाइल नीति लागू करबाक प्रस्ताव के स्वीकृति दऽ देलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक भेल बैसक मे एहि आशय के प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। आब शिक्षक नियुक्ति के लेल मात्र राज्य के मूल निवासी एकर पात्र हेताह। कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ जनौलनि जे डोमिसाइल नीति शिक्षक भर्ती परीक्षाक चारिम चरणहि सँ प्रभावी होयत। ओ जनौलनि जे शिक्षा विभागक अंतर्गत कार्यरत भनसिया, रात्रि प्रहरी आ शारीरिक शिक्षा तथा स्वास्थ्य अनुदेशक लोकनिक मानेदय राशि दुगुना करबाक प्रस्ताव के सेहो कैबिनेट मंजूरी देलक अछि। आब मध्यान भोजन योजना मे कार्यरत भनसिया सभ के सोलह सय पचास टाका के स्थान पर तीन हजार तीन सय टाका हरेक मास मानदेय भेटत। ओतहि, माध्यमिक आ उच्च माध्यमिक विद्यालय सभ मे कार्यरत रात्रि प्रहरी के हरेक मास पाँच हजार टाका के बदला दस हजार टाका मानदेय भेटत। डॉक्टर सिद्धार्थ जनौलनि जे शारीरिक शिक्षा आ स्वास्थ्य अनुदेशक लोकनिक मानदेय राशि हरेक मास आठ हजार टाका सँ बढ़ा कऽ सोलह हजार टाका कऽ देल गेल अछि। ओतहि, हिनक वार्षिक वेतन वृद्धि दू सय टाका के स्थान पर चारि सय टाका करबाक निर्णय लेल गेल अछि।

अपर मुख्य सचिव जनौलनि जे आशा आ ममता कार्यकर्ता लोकनि के प्रोत्साहन राशि मे वृद्धि के प्रस्ताव के कैबिनेट स्वीकृति देलक अछि। आब आशा कार्यकर्ता लोकनि के एक हजार टाका के बदला तीन सय हजार टाका के प्रोत्साहन राशि भेटत। ओतहि ममता कार्यकर्ता लोकनि के प्रति प्रसव तीन टाका के स्थान पर छओ सय टाका प्रोत्साहन राशि भेटत। एकर अलावे कैबिनेट मुख्यमंत्री डिजिटल लाइब्रेरी योजना शुरू करबाक प्रस्ताव के मंजूरी देलक अछि। एहि योजना के अंतर्गत हरेक विधानसभा क्षेत्र मे एक डिजिटल लाइब्रेरी खोलल जायत।

---

आईआरसीटीसी होटल घोटाला मामिला मे आरोपक गठन पर आब सात अगस्त के निर्णय होयत। दिल्ली के राउज एवेन्यू अदालत मे आइ एहि मामिलाक सुनवाई भेल। अदालत मामिलाक अगिला सुनवाई सात अगस्त के निर्धारित कयलक अछि। एहि मामिला मे तत्कालीन रेल मंत्री लालू प्रसाद, पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी, आ पूर्व उप मुख्यमंत्री तेजस्वी प्रसाद यादव सहित चौदह आरोपी छथि।

———————————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता सँ लगातार वर्षा भऽ रहल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना के अनुसार अगिला एक सप्ताह धरि राज्य मे वर्षाक गतिविधि बनल रहत। उत्तर बिहारक कतेको भाग मे भारी वर्षा हेबाक पूर्वानुमान अछि। एम्हर, आइ पूर्वी आ पश्चिमी चंपारण, सीतामढ़ी, शिवहर आ मधुबनी जिला मे किछु ठाम भारी वर्षा हेबाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————

प्रदेश सँ होयत जायवाली बेसीतर नदीक जलस्तर मे लगातार वृद्धि भऽ रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोगक अनुसार गंगा नदीक जलस्तर बक्सर, पटना के दीघाघाट, गाँधीघाट आ हाथीदह तथा भागलपुरक कहलगांव मे खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। एम्हर, सोन नदी पटनाक मनेर मे, पुनपुन नदी श्रीपालपुर मे, ओतहि बूढी गंडक नदी खगड़िया मे, बागमती नदी बेनीबाद मे तथा कोसी नदी खगड़ियाक बलतारा आ कटिहारक कुरसेला मे लाल निशान सँ ऊपर दर्ज कयल गेल अछि।

———————————————————————

नदी सभक जलस्तर मे भऽ रहल वृद्धिक कारणे पटना के दियारा इलाका मे बाढ़िक स्थिति उत्पन्न भऽ गेल अछि। ओतहि, बेगूसराय, खगड़िया, कटिहार आ भोजपुर जिला मे गंगा, कोसी, गंडक के उफान पर रहबाक कारणे कतेको नव इलाका बाढ़ि के चपेट मे आबि गेल अछि।

———————————————————————

मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक अंतर्गत एखन धरि कोनो राजनीतिक दल मतदाता प्रारूप सूची पर दावा अपत्ति दर्ज नहि करौलनि अछि। चुनाव आयोगक विज्ञप्ति मे कहल गेल अछि जे आम मतदाता लोकनिक दिस सँ एखन धरि दू हजार आठ सय चौसठि दावा आपत्ति कयल गेल अछि।

———————————————————————

बिहारक पूर्व राज्यपाल सत्यपाल मलिक के आइ नव दिल्ली मे निधन भऽ गेलनि। ओ उनासी वर्षक छलाह आ कतेको समय सँ बीमार चलि रहल छलाह। सत्यपाल मलिक चारि अक्टूबर दू हजार सत्रह सँ बाईस अगस्त दू हजार अठारह धरि बिहारक राज्यपाल छलाह। एकर अलावे ओ जम्मू कश्मीर, गोवा आ मेघालय के राज्यपालक रूप मे सेहो काज कयने छलाह। हुनक निधन पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उप मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आ नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव सहित विभिन्न दल के नेता लोकनि अपन शोक व्यक्त कयलनि अछि।

———————————————————————

निगरानी जांच ब्यूरोक टीम खगड़िया नगर थाना क्षेत्र मे पदस्थापित सीमा कुमारी आ चौकीदार वीरू पासवान के बीस हजार टाका रिश्वत लैत रंगेहाथ गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार दुनू पुलिसकर्मी शिकायतकर्ता सँ एक मामिला मे मददि करबाक एवज मे घूस लऽ रहल छलीह।

———————————————————————

दरभंगा मे आइ ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यलायक तिरपनम स्थापना दिवस मनाओल गेल। बिहार राज्य विश्वविद्यालय सेवा आयोग पटना के अध्यक्ष प्रोफेसर गिरीश कुमार चौधरी एहि कार्यक्रमक उद्घाटन कयलनि।

———————————————————————

समाप्त भेल।